



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TWA LÒT SIT VAKSINASYON AN MAS NAN LONG ISLAND SEMÈN SA

Ansyen Sit Westbury, Brentwood ak Southampton yo ap ouvri vandredi; Toule twa sit yo ap ouvri 8 a.m. jiska 7 p.m.

*Randevou yo ouvri mèkredi, 17 mas a 8:00 a.m.; Nouyòkè ki kalifye yo ka pwograme randevou yo lè yo itilize sitwèb ['Am I Eligible'](#) New York la oswa rele **Liy Dirèk Vaksinasyon COVID-19 la nan 1-833-NYS-4-VAX***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a twa lòt sit vaksinasyon an mas ap ouvri nan Long Island semèn sa. Sit sa yo ap sitiye nan Brentwood, Old Westbury ak Southampton. Touletwa sit yo ap genyen kapasite pou vaksinen plis pase yon milye Nouyòkè pa jou tou depann de apwovizyonman ki soti nan gouvènman federal la. Randevou yo ap disponib pou rezève mèkredi 17 mas a 8:00 a.m.

"Nouyòkè yo te afiche disiplin ak devouman nan swiv règleman yo epi ralanti pwopagasyon an, e kounye a ke nou genyen vaksen an, efò sa yo ap rekonpanse", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou angaje pou devlope rezo distribisyon vaksen an rapidman pou bay piki nan bra yo nan fason ki pi rapid epi efisyen ke posib, e twa sit sa yo ap ede Moun Long Island yo gen aksè nan vaksen an epi gen lapè nan lespri yo pandan n ap kontinye konbat pandemi an. N ap kontinye devlope rezo distribisyon nou an epi vaksinen plis Nouyòkè pandan eta a ap resewa plis apwovizyonman, e efò sa yo ap ede nou asire ke eta a ap avanse nan moman difisil sa ansanm."

Nouyòkè ki elijib yo ap kapab pran randevou lè yo itilize sit entènèt ['Am I Eligible'](#) (Èske Mwen Elijib) New York la oswa lè yo rele Liy Dirèk Vaksinasyon COVID-19 eta a nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829).

Chak sit pral ouvri soti 8 a.m. pou rive 7 p.m. Nan kote ki anba yo:

SUNY Old Westbury
SUNY Old Westbury
Clark Center - Gate C
Store Hill Road and Cherry Road
Old Westbury NY 11568

SCCC Brentwood

Suffolk County Community College
Suffolk Federal Credit Union Arena
1001 Crooked Hill Road
Brentwood, NY 11717

Southampton

SUNY Stony Brook Southampton Campus
70 Tuckahoe Road
Southampton, NY 11968

Twa sit sa ki ajoute yo ap ogmante rezo distribisyon vaksen ki deja vas New York la pi plis. New York pa sèlman te ouvri 13 sit vaksinasyon an mas eta a jere anvan, men tou, pou reponn ak dekrè Gouvènè a pou asire distribisyon vaksen san pati pri epi nan fason ki egal, sit yo te etabli pou asire ke Nouyòkè sa yo k ap viv nan kominote ki defavorize yo gen aksè dirèk nan vaksen an. Sa enkli sis sit vaksinasyon kominotè eta-FEMA reyini an, sit vaksinasyon an mas Yankee Stadium lan, ak plis pase 145 sit kominotè tanporè nan devlopman lojman piblik, legliz ak sant kominotè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)